

# Kesyonè SUSESOS/ISTAS21

## Vèsyon konplè

Silvouplè, reponn tout kesyon yo. Sonje: Tout repons yo empotan. Repons ou yo ap trete ak anpil konfidans.

### Seksyon jeneral

#### Done demografik

Sèks

- Gason
- Fanm

Ki laj ou?

- Mwens ke 26 lane
- Ant 26 a 35 lane
- Ant 36 a 45 lane
- Ant 46 a 55 lane
- Plis ke 55 lane

#### Sante byennèt pèsonèl

Nº	Kesyon	Ekselan	Trè bon	Bon	plizoumwen	Mal
SG1	An jeneral ou ka di sante w'					

#### Daprè ou mem, VRE OU FÒ nan fraz kew pral jwenn anba yo kiyes ladan yo gen pou wè ak sante?

Silvouplè reponn tout kesyon yo e chwazi yon sèl repons pou chak kesyon.

Nº	Kesyon	Totalman vrè	Preske totalman vrè	Mwen pa konnen	Prèske fo	Totalman fo
SG2	Mwen malad pi fasil ke lòt moun yo					
SG3	Mwen an sante menm jan ak nenpòt moun					
SG4	Mwen kwè ke sante mwen ap vin pi mal					
SG5	Sante mwen ekselan					

**Kesyon ki pral poze yo gen pou wè ak kòman ou santi w' pandan dènye 4 semèn ki sot pase yo.**

Silvouplè reponn tout kesyon yo epi chwazi yon sèl repons pou chak kesyon.

N°	Kesyon	Tout tan	Anpil fwa	Pafwa	Sèlman kèk fwa	Jamè
SM1	Ou te strese anpil?					
SM2	Ou te santi kè w' pa kontan/ ou santi anyen pa fè w' byen?					
SM3	Ou santi w' trankil/ ou santi w' kalm?					
SM4	Ou santi w' pa alèz/ ou santi w' tris?					
SM5	Ou santi w' se yon moun ki kontan?					
VT1	Ou santi w' kontan?					
VT2	Ou santi w' gen anpil enèji?					
VT3	Ou santi w' fatige anpil?					
VT4	Ou santi w' fatige?					

AT1. Nan dènye 12 mwa ki sot pase yo, ou te soufri kèk aksidan travay tankou: frape, blese, fann, frakti, boule, çyon bagay oubyen anpwazonnman? (Aksidan lè w' nan wout pou al travay la pa ladann)

- Non  
 Wi

EP1. Ou genyen oubyen ou te genyen kèk maladi diagnostike ke travay la te koz ou oubyen travay la te fèl vin pi grav?

- Non  
 Wi

**PANDAN 4 DÈNYE SEMÈN YO, konbyen fwa ou konn genyen pwoblèm sa yo?**

Silvouplè, reponn tout kesyon yo epi chwazi yon sèl repons pou chak kesyon.

N°	Kesyon	Tout tan	Anpil fwa	Kèk fwa	Sèlman kèk fwa	Jamè
SR1	M' pa janm santim anvi gen moun bò kotem					
SR2	M' pat ka dòmi byen					
SR3	M' te santim an kolè					
SR4	M' te santim nwi					
SR5	Ou te santi opresyon oubyen doulè nan lestomak?					
SR6	Ou santi w' konn mal pou respire?					
SR7	Ou konn santi yon tansyon nan vyann kòw?					
SR8	Ou konn santi doulè nan tèt?					
SR9	Ou konn santi w' gen pwoblèm pou konsantre w'?					
SR10	Ou konn gen difikilte pou w' pran yon desizyon?					
SR11	Ou konn gen difikilte pou w' raple w' de yon bagay?					
SR12	Ou konn gen difikilte pou w' panse yon bagay byen?					

**Travay ak anplwa ou ye kounye a**

TE1. Nan ki inite jewografik (sikisal, etaj, rejyon, elatriye.) wap travay?

TE2. Nan ki gwoup sosyal, pwofesyon oubyen pozisyon ou?

TE3. Nan ki depatman, inite oubyen nan ki seksyon wap travay?

TE4. Nan dènye ane ki sot pase a, ou konn travay nan 2 oubyen plizyè sekson ou depatman an menm tan?

- Non  
 Wi

TE5. Nan dènye ane ki pase a, ou konn gen 2 ou plizyè chèf oubyen sipèvizè an menm tan?

- Non  
 wi

TE6. Èske salè w' koresponn ak travay wap fè a?

- Wi  
 Non, travay map fè a vò plis ke lajan yap peye m' nan.  
 Non, travay map fè a vò mwens ke lajan yap peye m' nan.  
 M' pa konnen

TE7. Konbyen tan ou genyen depi w' ap travay nan antrepriz sa oubyen nan enstitusyon sa?

- De 0 jiska 6 mwa
- Plis ke 6 mwa e jiska 2 lane
- Plis ke 2 lane e jiska 5 lane
- Plis ke 5 lane e jiska 10 lane
- Plis ke 10 lane

TE8. Èske ou konsidere ke chanjeman pòs ou oubyen pwomosyon ou te genyen yon relasyon ak tan ou te pase nan konpayi an oswa enstitusyon an?

- Non
- Wi

TE9. Jounen travay ou a se:

- A tan pasyèl
- A tan konplè
- Pa gen yon orè fiks

TE10. Orè travay ou se:

- Lajounen (maten ak aprèmidi)
- Orè fiks nan maten
- Orè fiks nan aprèmidi
- Orè fiks nan aswè
- Orè ki chanje tanzantan

TE11. Jounen travay ou se:

- De lendi a vandredi
- De lendi a samdi
- Sèlman fen semèn ak jou ferye
- De lendi a vandredi e samdi dèfwa, dimanch ak jou ferye
- Tout jou ki nan semèn nan, dimanch ak jou ferye ladann l' tou.

TE12. Lè yap chanje orè travay ou (jou travay, lè w' antre ak lè w' soti), oubyen yap chanje w' jou travay yo, ñan konbyen jou davans yo enfòme w' sa?

- Yo pa janm chanje orè travay mwen ni jou travay mwen.
- Jeneralman yo enfòme mwen plizyè jou anvan e sa pa banm ankenn pwoblèm
- Jeneralman yo enfome mwen plizyè jou anvan, men li banm pwoblèm nan lòt aspè nan lavi mwen
- Jeneralman yo enfome mwen jodi pou demen
- Jeneralman yo enfome mwen nan menm jou a

TE13. Di konbyen èdtan pa semèn ou te travay pou konpayi an oswa enstitisyon an semèn ki sot pase a:

\_\_\_\_\_ Èdtan pa semèn

TE14. Si nan késyon anvan ou te jwenn mwens pase 45 lè (44 sektè publik), montre rezon ki fè sa. Si ou jwenn plis pase 45 lè (44 sektè publik), make premye altènatif la

- Semèn pase a mwen te travay 45 (44) èdtan oubyen plis
- Mwen travay demi jounen pou konpayi sa a oswa enstitisyon an
- Mwen gen yon orè travay iregilye (mwen pa travay toujou nan menm lè yo)
- Mwen te nan vakans, m' te malad, m' te gen pèmi
- Lòt rezon

TE15. Ki kalite relasyon travay ou genyen ak konpayi sa oswa enstitisyon sa a?

- Mwen gen yon kontra endefini oswa pozisyon mwen se travay mwen se chantye
- Mwen gen yon kontra tanporè oswa pozisyon mwen se yon kontra
- Mwen Travay pou travay oswa pou pwojè
- M' ap travay pou yon konpayi deyò
- Mwen gen yon kontra ki peye
- Mwen se etidyan kap fe pratik
- Mwen pa gen kontra

TE16. Apeprè konbyen salè ou ye chak mwa?

- \$200.000 oswa mwens
- Ant \$200.001 e \$500.000
- Ant \$500.001 e \$800.000
- Ant \$800.001 e \$1.000.000
- Ant \$1.000.001 e \$2.000.000
- Plis ke \$2.000.000

TE17. Salè ou se

- Fiks
- Salè nòmal plis komisyón yo oubyen li varye
- Sèlman varye

TE18. Ki pati nan salè ou ki pou peye dèt (tankou dèt pou kay pou manje, kat labank, dèt lekòl ak sante, dèt pou achte kay)?

- Mwen pa gen dèt.
- Mwen genyen jiska 10% nan salè mwen an ki pou peye dèt mwen yo
- Mwen genyen jiska 25% (yon ka) nan salè mwen an ki pou peye nan dèt mwen yo
- Mwen genyen jiska 50% (mwatye) nan salè mwen an ki pou peye dèt mwen yo
- Mwen genyen plis ke 50% (plis ke mwatye) nan salè mwen an pou peye dèt mwen yo

TE19. Si ou gen dèt, montre nivò difikilte ou genyen pou peye yo

- Mwen pa gen dèt.
- Mwen gen dèt, men mwen pa gen difikilte pou m' peye yo
- Mwen gen dèt, e dèfwa mwen gen difikilte pou m' peye yo
- Mwen gen dèt, e mwen toujou gen difikilte pou m' peye yo
- Mwen gen dèt, e mwen souvan gen gwO difikilte poum peye yo

TE20. Ki pati nan travay familyal / oubyen travay domestik ou gen pou fè? (netwayaj, fè mache, kwit manje, pran swen timoun oubyen granmoun, etc.)

- Mwen se moun prensipal la e mwen responsab pou fè pi fò travay nan kay la.
- Mwen fè apeprè mwatye nan travay nan kay la
- Mwen fè apeprè yon ka nan pati nan travay nan kay la
- Mwen sèlman fè travay esansyèl yo
- Mwen pa fè okenn oswa prèske youn nan travay sa yo

TE21. Si ou absan yon jou nan kay la, travay domestik ou fè yo, yo rete san fèt?

- Tout tan
- Anpil fwa
- Dèfwa
- Sèlman kèk fwa
- Jamè

Lisans medikal

LM1. Nan dènye 12 mwa yo, konbyen lisans medikal ou te genyen environ? (eksepte konje medikal ou te genyen anvan w' te akouche e aprè w' te fin akouche, epi lisans pou maladi grav pou yon timoun ki genyen mwens ke yon lane

- Mwen pa te gen okenn lisans pou zafè maladi nan dènye ane a
- Mwen te gen environ\_\_\_\_\_ jou pou zafè maladi nan dènye ane a

LM3. Nan dènye 12 mwa yo, konbyen jou ou te genyen ak yon lisans medikal? (eksepte konje medikal ou te genyen anvan w' te akouche e aprè w' te fin akouche .epi lisans pou maladi grav pou yon timoun ki genyen mwens ke yon lane

- Mwen pa te gen okenn lisans pou zafè maladi nan dènye ane a
- Mwen te gen environ\_\_\_\_\_ jou pou zafè maladi nan dènye ane a

## Seksyon espesifik ki gen risk nan konpòtman w' nan sisyete a

Silvouplè reponn tout kesyon yo epi chwazi YON REPONS pou chak nan yo.

TOUT REPONS OU YO EMPOTAN. Sa ki enterese nou se opinyon ou sou kontni ak egzijans nan travay ou a. Mèsi anpil

### Kesyon sa yo se sou egzijans nan travay ou

N°	Kesyon	toutan	Prèske tout tan	pafwa	Sèlman kèk fwa	jamè
CU1	Èske ou gen pou travay trè rapid pou remèt travay yo ba w' fè yo nan yon ti kras tan?					
CU2	Èske Distribisyon travay yo pa fèt nan lè epi sa lakòz travay yo monte anpil?					
CU3	Èske w' gen tan pou fè travay ou?					
CU4	Èske w' gen reta pou remèt travay ou?					
CU5	Ou ka fe travay ou ak trankilate epi pou fini li menm jou a?					
CU6	Èske w' gen ase tan pou fè travay ou?					
CU7	Èske w' oblige rete apre lè travay ou lage pou fin fè rès travay ou manke?					
CO1	Nan travay ou a èske Ou dwe kontwole oswa ou dwe okouran de anpil bagay an menm tan?					
CO2	Nan travay ou a èske ou genyen pou kenbe anpil bagay nan tèt ou?					
CO3	Èske travay ou a mande pou ou kapab pwopoze nouvo lide?					
CO4	Nan travay ou a, èske ou dwe pran desizyon rapid?					
CO5	Nan travay ou a, ou dwe pran desizyon difisil?					
CO6	Èske ou dwe pran desizyon ki enpòtan pou travay ou a?					
CO7	Travay wap fè a ka gen enpak enpòtan sou kòlèg ou, kliyan, itilizatè, machin oswa enstalasyon?					
CO8	Nan travay ou a, èske ou dwe gen anpil konesans?					

Nº	Kesyon	Tout tan	Prèske tout tan	pafwa	Sèlman kék fwa	jamè
EM1	Gen moman oswa ak kèk sitiyasyon nan travay ou ki lakòz ou gen estrès?					
EM2	Jeneralman, èske ou konsidere ke travay ou a ba w' estrès?					
EE1	Nan travay ou a, ou konn oblige kache kèk bagay ke w' ta anvi di??					
EE2	Nan travay ou a, ou dwe kenbe emosyon ou epi ou pa dwe di yo?					
ES1	Èske Travay ou a mande w' anpil konsantrasyon?					
ES2	Èske Travay ou a mande pou gade tout detay?					
ES3	Èske Travay ou a mande anpil atansyon?					
ES4	Èske Travay ou a mande yon gwo nivo de presizyon?					

**Kesyon sa yo se sou otorite ke ou genyen nan travay ou ye kounye a.**

Nº	kesyon	Tout tan	Prèske tout tan	pafwa	Sèlman kek fwa	jamè
IN1	¿Gen lòt moun ki pran desizyon sou travay ou yo?					
IN2	Èske w' gen dwa pou deside sou vitès ke wap travay la?					
IN3	Èske Ou ka chwazi ki moun pou genyen kom kolèg travay?					
IN4	Èske ou gen dwa pou deside sou kantite travay yo ba w' fè?					
IN5	Èske Ou gen dwa pou deside sou orè travay ou?					
IN6	Èske ou gen dwa pou deside sou kalite travay wap fè?					
IN7	Èske ou gen dwa pou deside sou fason ou ap fe travay yol?					

Nº	kesyon	Tout tan	Prèske tout tan	dèfwa	sèlman kèk fwa	jamè
CT1	Èske ou ka deside lè pou pran repo?					
CT2	Èske ou ka pran vakans plizoumwen lè ou vle?					
CT3	Èske ou ka kite travay ou pou yon moman epi pou ale pale ak yon kolèg?					
CT4	Èske Si w' gen yon pwoblèm pèsonèl oubyen nan fanmi w', èske ou ka kite travay ou o mwen yon inèdtan, san ou pa bezwen mande yon pèmisyon pou sa?					

**Kesyon sa yo se sou devlopman ki posib, nan sans travay ak antre w' nan konpayi an oswa enstitisyon.**

Nº	kesyon	Tout tan	Prèske tout tan	dèfwa	Sèlman kèk fwa	jamè
PD1	Èske travay yo varye (tach yo diferan e divès kalite)?					
PD2	Èske Travay ou a mande yon wo nivo nan espesyalizasyon (konpetans espesifik ak konesans, eksperyans)?					
PD3	Èske w' gen pou refè menm bagay yo plizye fwa?					
PD4	Èske Travay ou a mande pou ou pran desizyon?					
PD5	Èske Travay ou pèmèt ou aprann nouvo bagay?					
PD6	Èske lè w' fin fè travay ou sa pèmèt ou gen plis kapasite ak konesans?					
PD7	Èske Travay ou ba ou opòtinite pou amelyore kapasite teknik ou ak pwofesyonèl ou?					
ST1	Èske Travay ou ap fè yo gen sans pou ou?					
ST2	Èske travay ou ap fè yo gen enpòtan pou ou?					
ST3	Èske w' santi ou gen angajman ak pwofesyon ou oswa ak travay ou?					
IE1	Èske ou ta renmen rete nan konpayi an oswa nan enstitisyonan an pou rès vi w' kom travayè, avek menm kondisyon travay yo?					
IE2	Èske w pale avek anpil jwa de konpayi a oswa enstitisyon an?					
IE3	Èske w' Santi pwoblèm konpayi an oswa enstitisyon an se pwoblem paw tou?					
IE4	Èske w' santi ke konpayi an oswa enstitisyon an gen gwo enpòtans pou ou?					

**Kesyon sa yo se sou kalite travay ou ak konfli ki ka enplike pou fini nan travay ou ye kounye a**

Nº	Kesyon	Tout tan	Prèske tout tan	pafwa	Selman kek fwa	jamè
RL1	Èske ou Konnen ekzateman ki pouwva (desizyon pèsonèl) ou genyen nan travay ou a?					
RL2	Èske Travay ou a gen objektif oubyen objektif klè?					
RL3	Èske ou Konnen egzakteman ki travay ki sou responsabilite ou?					
RL4	Èske ou Konnen ekzakteman ki sa yo ap ret tan de ou nan travay la?					
CR1	Èske w' dwe fè oswa ou santi w gen presyon pou fè kèk bagay nan travay ou a ke kèk moun pap aksepte?					
CR2	Èske yo egzije ou fè kèk bagay kip a gen rapò aktravay ou nan travay la?					
CR3	Èske w' dwe fè travay ke w' panse ki ta dwe fèt yon fason diferan?					
CR4	Èske w' fè travay daprè ou, ou panse ki pa enpotan?					
CR5	Èske w' fè travay kont prensip ou men se nan enterè travay ou?					

**Kesyon sa yo se sou relasyon ou ak patwon ou obyen sipèvizè nan travay ou ye kounye a.**

Nº	Kesyon	Tout tan	Prèske tout tan	pafwa	Selman Kèk fwa	jamè
CL1	Èske chèf yo asire chak travayè yo gen bon opòtinite pou yo grandi pwofesyonèlman? Tankou (amelyorasyon nan edikasyon, fòmasyon elatriye					
CL2	Èske sipèvizè yo planifye travay yo byen?					
CL3	Èske sipèvizè yo rezoud byen mezantant yo?					
CL4	Èske sipèvizè yo kominike e pale byen klè avek travayè yo					
CL5	Èske sipèvizè yo bay enpotans si ke travayè yo santi yo konfòtab nan travay la?					
CL6	Èske sipèvizè yo bay travay yo byen?					

**Kesyon sa yo se sou sipò ou jwenn pou fin fè travay ou.**

Nº	Kesyon	Tout tan	Prèske tout tan	pafwa	Selman kék fwa	jamè
RS1	Nan konpayi an oswa nan enstitisyon an èske yo byen enfòme w' davans de chanjman ki ka afekte ou a lavni nan travay la ak nan vi pèsonèl?					
RS2	Èske ou jwenn tout enfòmasyon ou bezwen pou fè travay ou byen?					
RS3	Èske siperyè ou pale avek ou sou fason ou dwe fè travay ou?					
RS4	Siperyè ou a, èske li prè pou tandem pwoblèm ou yo nan travay la?					
RS5	Ou jwenn èd ak sipò dirèkteman nan men siperyè ou a?					
RC1	Konbyen fwa ou pale ak kolèg ou yo sou fason pou fin fè travay ou?					
RC2	Konbyen fwa kolèg ou yo vle tandem pwoblèm ou yo nan travay la?					
RC3	Konbyen fwa ou jwenn èd ak sipò pou travay kolèg ou yo?					
RC4	Èske gen bon antant ant ou menm ak kolèg travay ou yo?					
RC5	Ant kolèg yo, èske youn ede lòt nan travay la?					
RC6	Nan travay ou a, èske ou santi ou fè pati de yon gwoup oubyen yon ekip de travay?					

**Kesyon sa yo se sou merit travay ou a anvè ou menm.**

N°	kesyon	Tout tan	Prèske tout tan	pafwa	Selman kèk fwa	jamè
ET1	Siperyè mwen ban m' merit mwen merite?					
ET2	Kolèg travay mwen banm merit mwen merite?					
ET3	Nan sitiyasyon difisil nan travay mwen mwen jwenn sipò ki nesesè yo?					
ET4	Nan travay mwen an yo trete m' mal?					
ET5	Mwen panse ke tout travay ak efò ke mwen fè yo, merite ke m' jwenn travay mwen an apwopriye?					

**Kesyon sa yo se sou enkyeted nan chanjman posib ou ka jwenn nan travay ou ye kounye a.**

N°	kesyon	Mwen enkyé anpil	Mwen enkyé	Mwen pa tèlman enkyé	Mwen yon ti jan enkye	Mwen pa enkyé
IC1	Èske ou enkyete w' pou si yo ta revoke w' oswa yo pa ta renouvel kontra w'?					
IC2	Èske ou enkyete w' paske li ka difisil pou w' jwenn lòt travay si tout fwa travay la ta fini?					
IC3	Èske ou enkyete w' pou si salè ou ta varye tankou pou si yo pa ta monte l' oswa yo ta desann ladan l', oswa li ta varye oubyen ankò ke yo ta peye w' an likid?					
IC4	Èske ou enkyete w' pou si yo pa ta ba ou kontra definitif?					
IC5	Èske ou enkyete w' pou si yo pa ta monte salè ou?					
IT1	Èske ou enkyete w' pou si yo ta transfere w' kont volonte w' nan yon lòt travay, fonksyon, inite, depatman oswa seksyon?					
IT2	Èske ou preokipe w' pou si yo ta chanje wòl ou nan travay la?					
IT3	Èske ou enkyete w' pou si yo ta chanje orè travay ou kont volonte tankou (jou nan semèn nan, lè rantre ak sòti ou nan travay la)?					

**Keksyon sa yo se sou enkyetid ou sou responsablite fanmi w'.**

Nº	Kesyon	Tout tan	Prèske tout tan	pafwa	Sèlman kèk fwa	jamè
DP1	Lè ou nan travay, èske ou panse ak egzijans lakay ou e ak fanmi w'?					
DP2	Èske gen sitiayson kote w' ta dwe nan travay ak nan kay an menm tan? tankou (pou pran swen yon timoun ki malad, oswa si gen yon fanmi ki fe aksidan, oubyen pou pran swen granparan yo, elatriye...)					